

ENFÒMASYON ENPÒTAN KONSÈNAN APÈL

Ou ap resevwa enfòmasyon ENPÒTAN sa konsènan dwa ou ak responsabilite ou paske gen yon apèl ki anrejistre an repons a yon desizyon ke Depatman Asistans Chomaj (DUA) pran. Li enpòtan ke ou li enfòmasyon sa byen è pou komanse prepare pou chita tande ou an.

Depatman Chita Tande DUA pral mete yon chita tande sou kalandriye a nan semèn ka p vini yo. DUA pral voye pa lapòs yon Avi Chita Tande ak dat, lè ak ki bò chita tande ou an pral fèt. Tanpri note ke 'apèlan an' se moun oubyen pati ki mande pou chita tande an. Pati ki pa mande pou apèl lan se moun oubyen pati ki pa t mande pou chita tande an mèn ki ak afekte dapre rezilta chita tande an.

DIRIJE CHITA TANDE AN

Yon Enspektè Revizyon DUA pral dirije chita tande an. Travay Enspektè Revizyon an se pou asire ke tout fè enpòtan yo prezante pou ke enspektè an ka pran yon desizyon legal ak jis. An jeneral, chita tande an pral sèl chank ou pral genyen pou prezante temwanyaj ak prèv pou sipote ka ou an. Enspektè Revizyon an pral baze desizyon an sèlman sou temwanyaj ak prèv ki prezante nan chita tande an.

Nan debi chita tande an, Enspektè Revizyon an pral:

- Eksplike règ pou chita tande an epi fè ou konnen ke chita tande an pral anrejistre
- Idantifye tout pati yo (moun ka p reklame an, patwon an ak lòt temwen)
- Eksplike koze lagal lan(yo) ke li pral deside pandan chita tande an
- Oblije ke tout moun ki pral temwanye pou **sèmante oswa afime ke sa yo pral di se la verite**
- Mande ou si ou gen okenn kesyon regadan chita tande an

Après ke Enspektè Revizyon an eksplike règ yo, enspektè an pral komanse poze oumenm ak lòt pati an kesyon regadan ka an. Lè oumenm oubyen lòt pati an reponn kesyon yo, sa rele temwanye. Tout pati nan chita tande pral kapab temwanye. Epi ou y ap pèmèt tout pati yo kesyonnen tout temwen yo epi ak prezante lòt prèv (kouwè dokiman oswa lèt). Enspektè Revizyon an pral poze kesyon pandan chita tande an pou asire ke tout enfòmasyon nesèsè yo prezante. An jeneral, yo **pa p** pèmèt ke pati yo temwanye pa li yon deklarasyon long ki deja prepare.

Nan sèten ka, yon patwon ka prezan nan chita tande an kòm yon temwen (pase li se yon pati) paske patwon an pa t gentan ranpli ak voye enfòmasyon an tounen bay DUA. Nan ka sa yo, patwon an pa p ka poze temwen pa li kesyon oubyen poze moun ka p reklame an ak temwen moun ka p reklame an kesyon.

Enspektè Revizyon an deside ki enfòmasyon ak dokiman ki ka rantr nan dosye an epi pral dirije lòd temwanyaj lan lè li avize pati yo lè se tou pa yo pou pale. Depandan de koze yo, moun ka p reklame an oubyen patwon an ka temwanye an premye. Pa egzanmp, si yo te swadizan revoke moun ka p reklame an poutèt movèz kondwit nan travay lan, dabitid patwon an ak temwen li pral temwayen an premye. An jeneral si koze a se si moun ka p reklame an te kite travay li volontèman ou non, moun ka p reklame an ak temwen li yo pral temwanye an premye.

Chita tande ki konsènen yon gren pati (pa egzanmp. Kalifikasyon moun ka p reklame an pou kou fòmasyon oswa responsabilite taks patwon an) fèt nan preske menm fason an mèn se sèlman yon gren pati ki prezan pou bay temwanyaj.

TIMOUN NAN CHITA TANDE AN

Paske yo pral anrejistre chita tande an, DUA **paka pèmèt timoun nan chita tande an**. Anplisdesa, pou rezon sekirite, timoun paka rete nan sal atant lan san sipèvizyon. Pati ki mennen timoun san yon lòt moun pou veye timoun yo p ap ka patisipe nan chita tande an.

REPREZANTASYON NAN YON CHITA TANDE

Ou gen dwa pou yon avoka, ajan oswa reprezantan reprezante ou. Si ou pa gen oubyen ou paka peye yon avoka, ou ka rele youn nan òganizasyon legal sou lis ki nan denye paj materyèl sa.

Si ou ta renmen yon moun reprezante ou pandan chita tande ou an, **ou fèt pou jwenn yon avoka oswa reprezantan touswit**. Deske chita tande an mete sou kalandriye an yo pa p apwouve yon ajounman pou pèmèt ou al chèche yon avoka. Tanpri note ke yo pa p peye frè sèvis avoka oswa ajan an chaje yon moun ka p reklame an koneksyon ak yon apèl devan Depatman Chita Tande sòsi yo anrejistre l ak DUA pou yo apwouve l. G.L. c. 151A, s. 37. Sa vle di ke si ou gen yon avoka, fòk avoka a gen pèmisyon de DUA avan yo chaje ou pou sèvis yo.

PREPARASYON POU YON CHITA TANDE

Pou prepare ka ou an, fòk ou rasanble tout dokiman ki pral sipote fè yo nan ka sa. Dokiman sa yo ka enkli dosye prezans, dosye pewòl, souch shèk, korespondans (imèl oswa lèt), dokiman travay, evaliyasyon anplwaye, oubyen avètisman pèfòmans. Pote tout dokiman ki gen pou wouè a ka a nan chita tandè an ak yon kopi pou Enspektè Revizyon an ak yon kopi pou lòt pati an. Si ou vle entwodwi prè nan **fòm eleksyonik, fòk ou ou rele Biwo Rejyonal Chita Tandè touswit. Ou ka oblije founi teknoloji nesèsè pou prezante prè lan.**

Si ou gen entansyon pote temwen pou temwanyè pou ou, fòk ou idantifye yo ak rele yo kounyea a pou mande ke yo konparèt nan chita tandè an. Meye temwen ou genyen se yon moun ki gen konesans direk de koze yo pral tandè an. Si moun ou vle temwanyè pou ou refize patisipe nan chita tandè an pou ou ou gen dwa mande ke yo bay yon manda pou konpar ou gen dwa mande ke yo bay yon manda pou konparèt pou ke moun sa oblije parèt. (Gade seksyon swivan an regadan Manda pou konparèt).

MANDA POU KONPARÈT

Ou gen dwa pou mande ke nenpòt moun pwodwi dokiman oubyen parèt nan chita tandè ou an pou temwanyè si enfòmasyon an an relasyon a koze yo pral koute nan chita tandè an. Si moun la refize vini oswa founi dokiman yo, ou ka mande yon Notè oswa Majistra pou bay yon mandapou konparèt sou non DUA oubyen, si ou ta pitou, DUA pral bay manda pou konparèt sa. Yon manda pou konparèt se yon dokiman legal ki fose yon moun pou temwanyè oswa pwodwi dokiman. Kelkeswa ki moun ki bay manda an, se responsablite pa ou pou sèvi (delivre) manda an epi pey nenpòt ki frè sèvis oswa temwen. Si ou vle ke DUA bay manda lan, fòk ou kontakte Biwo Rejyonal Chita Tandè ki make nan Rekonesans Apèl lan, Notifikasyon Apèl oubyen Avi Chita Tandè an le pli tò ke posib pou plis enstriksyon.

AKOMODASYON REZONAB

Si ou gen yon enfimite/maladi, ou ka mande pou Èd Oksilyè ak Sèvis oubyen lòt akomodasyon rezonab ki pral pèmèt ou patisipe efektivman nan yon chita tandè. Si ou ta bezwen akomodasyon sa yo, fòk ou rele Biwo Rejyonal Chita Tandè an le pli tò ke posib deske ou resevwa lèt sa epi fè nou konnen ki akomodasyon ou bezwen. Nimewo telefòn Biwo Rejyonal Chita Tandè an make sou fòm Rekonesans Apèl, Notifikasyon Apèl, oswa Avi Chita Tandè an ki enkli. Yo pral akode demann ki rezonab ak nesèsè. Depatman an gen dwa pou mande dokiman medikal ki pwouve bezwen pou demann akomodasyon an. Ou ka fè apèl si yo ta refize demann ou an nan Depatman di Travay Ameriken (202) 219-8927 oubyen nan Depatman Lajistis Ameriken (617) 223-9715.

REVIZE ENFÒMASYON DUA

Si ou vle revize okenn enfòmasyon sou ka ou an avan chita tandè an, ou ka kontakte Biwo Rejyonal Chita Tandè an ki make sou devan Rekonesans Apèl lan, Notifikasyon Apèl, oswa Avi Chita Tandè ou an. Sou jou chita tandè an, ou pral gen chans pou revize dosye an Avan chita tandè an komanse. Si ou vle fè yon kopi dosye ka an avan chita tandè an, fòk ou vini an pèsòn nan Biwo Rejyonal Chita Tandè an. Pwiske gen kèk chita tandè ap fèt nan biwo diferan, tandpri rele an avans pou verifye ke dosye a desiponib toujou nan Biwo Rejyonal Chita Tandè an.

INTÈRPRET

Depatman Chita Tandè an pral founi entèprèt pandan chita tandè an pou nenpòt moun ki bezwen youn. Pou mande pou yon entèprèt fòk ou rele Biwo Rejyonal Chita Tandè ki make sou Rekonesans Apèl, Notifikasyon Apèl oswa Avi Chita Tandè ki enkli an le pli tò ke posib.

PATISIPASYON NAN YON CHITA TANDE

Li enpòtan ke oumenm ak temwen ou yo oswa reprezantan ou yo vini nan chita tandè an a lè. Si apèlan an (moun oswa pati ki mande chita tandè an) pa vini nan chita tandè an oubyen ta rive plis ke 10 minit anreta de lè chita tandè an fèt pou komanse, yo pa p fè chita tandè an. Lè sa rive, Enspektè Rivizyon an pral voye yon Avi Fòfè bay apèlan an ak pati ki pa mande apèl lan. Fòk apèlan an reponn DUA a lekri nan peyòd 10 jou aprè yo poste Avi Fòfè an epi se pou li bay yon rezon valab nan poukisa yo pa t konparèt pouke yo ka mete chita tandè an sou kalandriye a anko. Si apèlan pa reponn oubyen bay yon rezon valab nan peyòd 10 jou a, apèl lan pral rechte epi desizyon orijinal pral rete an efè. Si **pati ki pa mande** apèl lan pa parèt oubyen rive plis ke 10 minit anreta pou chita tandè an, yo pral fè chita tandè an ak tout pati ki prezan yo. Envestigatè Revizyon an gen dwa deside si pati ki konparèt anreta yo pral kapab antre epi patisipe nan chita tandè an. Si chita tandè an komanse san pati ki pa mande apèl lan, desizyon an pral baze sèlman sou temwanyaj ak prè ki prezante nan chita tandè an.

DEMANN AJOUNMAN

Paske Depatman Chita Tande DUA fèt pou bay rezolisyon rapid a apèl yo, demann pou ajounman chita tande an pa p apwouve sòfsi yo fè demann lan avan dat delè ki make sou Avi Chita Tande an. Anplisdesa, ajounman an pral sèlman akòde pou yon rezon valab. Egzanmp rezon valab se ke yon pati oubyen yon temwen enpòtan pa disponib poutèt yon konfli randevou ki serye, oubyen yon reprezantan/avoka pa disponib poutèt konfli randevou ki serye.

Yon demann ajounman chita tande an apre dat delè pral apwouve **sèlman nan sitiyasyon ijans**. Egzanmp sitiyasyon ijans se yon pati, reprezantan, oubyen temwen enpòtan ta malad grav pou ke moun lan al chèche oubyen te resevwa swen medikal (yo ka mande dokimantasyon), lanmò yon fanmi pati a, reprezantan an, oubyen temwen enpòtan, oubyen gen lòt konfli ki serye ki vin devlope apre delè dat ajounman an. Demann pou ajounman yon chita tande fèt aprè dat delè a poutèt vakans yon pati oswa reprezantan, pa ase tan preparasyon oubyen reyinyon biznis pa ijans epi yo pa p apwouve l. Nan ka kote yon temwen pa disponib pou patisipe, Enspektè Revizyon an ka kontinye ak chita tande an epi deside si li nesesè pou kontinye chita tande an sou yon lòt dat pou pran temwanyaj temwen an.

CHITA TANDE PA TELEFÒN

DUA pa mande ke yon pati pou li vwayaje plis ke 75 mil mil oswa plis ke 1 nè edmi tan pou vini nan yon chita tande. Donk, nan sèten ka, DUA pral mete yon randevou pou chita tande an epi tout pati yo pral patisipe pa telefòn de diferan kote. Avan chita tande pa telefòn lan, DUA ap poste kopi prèv yo (dokiman ki pral anrejistre kòm evidans kouwè pati chita tande an) bay tout pati yo. Chita tande pa telefòn lan fèt menm jan ke chita tande an pèsòn yo.

Si ou resevwa yon avi pou chita tande pa telefòn, ou ka mande pou yon chita tande an pèsòn lè ou kontakte Biwo Rejyonal Chita Tande ki idantifye sou lèt la. Fòk ou mande pou chita tande an pèsòn lan avan Dat Delè Ajounman an ki sou Avi Chita Tande an. Si DUA pèmèt chita tande an pèsòn ou an, fòk ou dakò pou vwayaje pou plis ke 75 mil mil oswa 1 nè edmi tan depandan de sitiyasyon an.

Si ou resevwa yon lèt pou yon chita tande an pèsòn, ou ka mande pou patisipe pa telefòn an kontaknan Biwo Rejyonal Chita Tande ki idantifye sou lèt la. Fòk ou mande pou chita tande an pèsòn lan avan Dat Delè Ajounman an ki sou Avi Chita Tande an è fòk lòt pati an dakò.

RETIRE DEMANN APÈL LAN

Si pati apelan lan (moun oswa antite k ap mande apèl lan) ta chanje lide li pou li gen yon chita tande, li ka retire demann lan a nenpòt ki moman avan chita tande an. Demann pou retire l oblije fèt a lekri è fòk yo voye l ale nan Biwo Rejyonal Chita Tande ki nan Lèt Rekonesans Apèl ou an, Notifikasyon Apèl lan oswa Avi Chita Tande ou an. Deske chita tande an komanse, Egzaminè Revizyon ki asinyen sou ka a oblije apwouve ke pati apelan an ka retire apèl lan.

DESIZYON EGZAMINÈ REVIZYON AN

Depatman Chita Tande an fè tout efò pou poste desizyon a lekri de Egzaminè Revizyon an nan peyòd 2-4 semèn aprè chita tande an fini. Desizyon an pral enkli fè ke yo baze desizyon an ak rezon poukisa se desizyon sa yo pran.

Si ou pa dakò ak desizyon an, ou ka anrejistre yon apèl ak Komite Revizyon an. Enkli ak desizyon an pral yon eksplikasyon sou kijan pou anrejistre yon apèl. Apèl lan oblije a lekri è li fèt pou enkli nimewo ka a, nimewo sosyal sekirite moun k ap reklame an (si gen yon moun k ap reklame), epi rezon poukisa ou pa dakò ak desizyon an. Si ou voye apèl lan pa lapòs, fòk li gen kachè lapòs nan peyòd **30 jou kalandriye apati de dat yo voye desizyon an pa lapòs**. Si ou chwazi delivre apèl lan an pèsòn bay Komite Revizyon an, fòk biwo DUA lan resevwa apèl lan nan peyòd **30 jou kalandriye apati de dat yo voye desizyon an pa lapòs**.

Eksepsyon: Komite Revizyon an paka aksepte apèl kont desizyon konsènan kalifikasyon pou benefis Plan Sekirite Medikal, pwoteste frè benefis ak responsabiltè pou Kontribisyon Patwon Jist. Se La Kou Siprèm ki ka aksepte apèl kont desizyon sa yo.

ASISTANS LEGAL

Sèvis Legal Founi Reprezantasyon Legal Gratis bay Moun ki gen Ti Revni k ap Viv nan Zòn yo Bay Sèvis

**POU SÈVIS LEGAL NAN TOUT ETA AN AK LÒT
REFERANS LEGAL: Legal Advocacy and Resources
Center, Inc. (LARC)**

(617) 603-1700 oubyen apèl gratis 1-800-342-5297

(617) 603-1815 le Madi, 5:00 p.m. to 7:00 p.m.)

Greater Boston Legal Services

(617) 371-1234 oubyen apèl gratis 1-800-323-3205

TTY: (617) 371-1228

Legal Assistance Corporation of Central MA.

(508) 752-3718 oubyen apèl gratis 1-800-649-3718

OUBYEN

Massachusetts Justice Project

(508) 831-9888 oubyen apèl gratis 1-888-427-8989

Neighborhood Legal Services (Gr. Lynn & Lawrence)

(978) 686-6900 oubyen apèl gratis 1-888-657-2889

Merrimack Valley Legal Services (zòn Lowell)

Apèl gratis 1-800-747-5056

**MetroWest Legal Services (zòn Framingham,
MetroWest & pati Norfolk County)**

(508) 620-1830 oubyen apèl gratis 1-800-696-1501

**South Coastal Counties Legal Services
(Southeastern Mass, Cape Cod ak Islands)**

Brockton: (508) 586-2110 oubyen apèl gratis 1-800-244-8393

Cape Cod & Islands: (508) 775-7020 oubyen 1-800-742-4107

Fall River: (508) 676-6265 oubyen apèl gratis 1-800-287-3777

New Bedford: (508) 979-7150 oubyen apèl gratis 1-800-929-9721

OUBYEN

New Center for Legal Advocacy

Apèl gratis 1-800-244-9023; TDD (508) 990-7755

**Western Mass. Legal Services
(sèvi tout zòn Ouwes Massachusetts)**

Hampden: (413) 781-7814 oubyen apèl gratis 1-800-639-1109

Hampshire: (413) 584-4034 oubyen apèl gratis 1-800-639-1309

Franklin: (413) 774-3747 oubyen apèl gratis 1-800-639-1309

Berkshire: (413) 499-1950 oubyen apèl gratis 1-800-639-1509

OUBYEN

Massachusetts Justice Project

(413) 533-2660 oubyen apèl gratis 1-800-639-1209

Swivan an se Pwogram Elèv Ekòl de Dwa ak Sipèvizyon Avoka ki reprezante kliyan nan zòn Metwopolitènn Greater Boston l:

Harvard Legal Aid Bureau

(617) 495-4408 (Chita tande nan biwo Boston an sèlman)

Legal Services Center of Harvard Law School

(617) 522-3003

Si ou pa kalifye pou reprezantasyon gratis, ou ka rele yon òganizasyon referans avoka:

Massachusetts Bar Association

Boston (617) 654-0400

Gratis andeyo 1-800-392-6164

TTY (617) 338-0585

National Lawyers Guild, Massachusetts Chapter

(617) 227-7008

Boston Bar Association

(617) 742-0625

Gratis: 1-800-552-7046



This notice contains important information regarding the appeal identified on the first page of this notice. It is important to have it translated immediately. You may need to respond by a certain date to protect your rights.

Настоящее уведомление содержит важную информацию об апелляции, указанной на первой странице уведомления. Необходимо немедленно получить перевод этого документа. Для защиты своих прав Вы, возможно, должны будете отправить ответ на это уведомление не позднее определенной даты.

Esta notificación contiene información importante sobre la apelación identificada en la primera página de esta notificación. Es importante que se traduzca inmediatamente. Pueda que tenga que responder bajo cierta fecha fija para proteger sus derechos.

Questo avviso contiene informazioni importanti riguardanti il ricorso menzionato sulla prima pagina di questo avviso. È importante che venga immediatamente tradotto. È consigliabile rispondere entro un certo periodo per proteggere i suoi diritti.

Este aviso contém informação importante sobre o apelo identificado na primeira página deste aviso. É importante ter este aviso traduzido imediatamente. Você terá talvez de responder dentro de um prazo determinado para proteger os seus direitos.

កំណត់សំគាល់នេះ មានព័ត៌មានសំខាន់ៗដែលទាញខ្លួនទៅនឹងការស្នើសុំ ដែលបានកើតឡើងនៅលើទំព័រទី ១ នៃការប្រកាសនេះ។ វាជាការសំខាន់ដើម្បីឱ្យគេបកប្រែក្នុងភាសានេះឱ្យបាន។
អ្នកត្រូវឆ្លើយតបទៅក្នុងកំណត់សំគាល់នេះដោយប្រើភាសាខ្មែរ។

ໃບជូនដំណឹង មានព័ត៌មានសំខាន់ៗដែលទាញខ្លួនទៅនឹងការស្នើសុំ ដែលបានកើតឡើងនៅលើទំព័រទី ១ នៃការប្រកាសនេះ។ វាជាការសំខាន់ដើម្បីឱ្យគេបកប្រែក្នុងភាសានេះឱ្យបាន។
អ្នកត្រូវឆ្លើយតបទៅក្នុងកំណត់សំគាល់នេះដោយប្រើភាសាខ្មែរ។

Notis sa a genyen enfòmasyon ki trè zenpòtan o sijè de apèl nan "Hearings Department". Li trè zenpòtan pou ou fè yo tradwi l pou ou kounyé a. Ou ka bezwen reponn yo anvan on dat pou ou ka pwoteje dwa ou.

Thông báo này gồm các thông tin quan trọng về việc khiếu nại đã được nêu ra ở trang đầu của thông cáo này. Nó cần phải được phiên dịch ngay lập tức. Bạn có thể phải trả lời trước một ngày hạn định nào đó để bảo vệ quyền lợi của bạn.

這通知包括有關第一頁所列申訴的重要信息。很重要，請立刻翻譯。你或許必須在指定時限前答覆以保護你的權利。